# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

## प्रस्तुतकर्ता



# कुँवा पर क एगो औरत


लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Lazarus

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलित: Ruth Klassen


कहानी 47 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children***, *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri

यीशु अउर उनकर चेला सामरिया की देश से होके यात्रा करत रहलें। उ सूखार नाम की एगो शहर की करीब अइलें।



1

उहाँ एगो कुँवा रहल जहाँ सूखार के लोग पीये क पानी निकालत रहलन। याकूब, इस्राएलियन क पिता ए कुँवा के बहुत पहिले खोदववले रहलन।



2


दूपहर के शायद बहुत घाम अउर गर्मी रहल। लस्त थकल, यीशु कुँवा पर बइठ गोइलन। तब तक चेला लोग भोजन खरीदे खातिर सूखार नगर के चल गोइलें।
3
उहां यीशु बिल्कुल अकेले रहलन - लेकिन तनकी समय बाद सूखार नगर से एगो औरत पानी भरे खातिर आइल। यीशु ओ से कहलें, "हमके पीये खातिर पानी दअ।"
4
उ महिला आश्चर्यचकित हो गोइली। उ कहली, "आप एगो यहूदी होके भी सामरी औरत से पीये खातिर पानी कइसे मांग सकत बानी?”
5
ओ दिन में, यहूदी लोग सामरियन से कवनो लेन देन ना रखत रहलें!
6
जब यीशु ओ औरत से ई कहलें, उ ज्यादा हैरान भइली। "यदि तू हमके जनतु कि हम के हँई, तब तूं खुद हमसे जीवन क जल मंगतु।"
7
महिला, यीशु से कहली, "श्रीमान, आपकी पास पानी निकाले की खातिर कुछउ नेइखे, अउर ई कुँवा बहुत गहीर बा। तअ फिर आप उ जीवन क जल कइसे निकालब?
8


का आप हमरी
पिता, याकूब से
बड़ बानी, जे हमनी
खातिर ई कुँवा
दिहले बाड़न ...?"
9


यीशु ओ स्त्री से कहलें, "जे
केहु भी इ पानी के पी उ फिर
से पीयासल हो जायी। लेकिन
जेवन जीवन क जल हम
देइब ओ से उ फिर कभी भी
पीयासी नाहीं। जेवन जल
हम देइब उ ओमे अनन्त
जीवन की पानी क एगो
सोता बन जायी।" महिला
कहली, "श्रीमान, ओ जल के
हमके दें देइं ..."
10


यीशु कहलन, जा अपनी पति के बुलाके ले आवअ। "हमार
कवनो पति नेइखन," महिला जवाब दिहली। यीशु कहलें, "तूं
पांच गो पति कर चुकल बाड़ अउर जेवन अभी तोहरी संगे बाड़न
उहो तोहार पति ना हउवन।"
11


महिला जान गोइली की यीशु एगो नबी हउवें। उ परमेश्वर क
पूजा करे की बारे में बहस कइला क कोशिश कइली; परमेश्वर क
पूजा यरूसलेम में करे के चाहीं या सामरीयन की 'पवित्र पर्वत
पर, यीशु जबाब दिहलन की सच्चा उपासक पिता परमेश्वर क
उपासना आत्मा अउर सच्चाई से करे लें।
12


औरत यीशु से कहली, "हम जानत बानी की मसीहा आवे वाला
बाड़न" जब उ अइहन, तब उ हमनी के सब बात बतइहें। जे से तू
बात करत बाड़ हम उहे हँइं, "यीशु उनके बतवलें" तभी, चेला
लोग वापस आ गइलें। स्त्री कीमती घड़ा के वहीँ छोड़ के उहाँ से
अपनी शहर लौट गोइली।
13


"उ औरत सूखार
शहर में जाके सब
आदमी लोगन से
बतावे लागल की
आवअ ए आदमी के
दे खअ जे सबकुछ
हमरी बारे में हमके
बता देले बाड़न,
जेवन हम हमेशा
कइले रहलीं हउ,
ओ सब कुछ के।
14













कुँवा पर क एगो औरत

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

यूहन्ना 4

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !